

LORO-LORONING ATUNGGIL SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN *LINTANG ING LANGIT WENGI* (NYURASA ASPEK FILOSOFIS LAN PANGGUNANE BASA)

Siti Fathimah Ulfa, Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya, sitifathimahulfa@gmail.com

Abstrak

Antologi geguritan *Lintang Ing Langit Wengi* kalebu sastra Jawa modern kang dianggit dening Ardini Pangastuti. Cacahe geguritan sajrone antologi ana 69 geguritan nggunakake basa Jawa Anyar. Antologi geguritan iki nggunakake tembung-tembung kang dirakit dening pangripta kanthi premati. Geguritan sajrone antologi akeh kang ngrembug bebener, saengga nyurasa filosofis kang ndadekake penasarane pamaos. Pangripta uga nggunakake basa kang endah kanthi pilihan tembung lan ukara kang trep. Bab mau ndadekake kawigatene panulis kanggo nliti antologi iki. Underane panliten, yaiku: (1) Kepriye aspek filosofise geguritan arupa loro-loroning atunggil?, (2) Kepriye panggunane basa kanggo medharake aspek filsafate panggurit?. Adhedhasar underane panliten kasebut ancane panliten, yaiku: (1) Njlentrehake aspek filosofise geguritan arupa loro-loroning atunggil, (2) Njlentrehake panggunane basa kanggo medharake aspek filsafate panggurit.

Filsafat mujudake ilmu ngenani tresna kawicaksanaan. Filsafat minangka ilmu kearifan kang nanggapi samubarang kang ana ing panguripan (Endraswara, 2012:2). Miturut pamawase Endraswara ilmu filsafat nduweni telung aspek yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Katelu aspek kasebut bakal digunakake kanggo nganalisis objek. Kanggo nyengkuyung, panliten iki bakal nggoleki prinsip-prinsip panggunane basa kanthi pamarkan stilistik. Teori kang digunakake yaiku teorine Nurgiyantoro, kang ngandharake ilmu kang nyinaoni lelewane basa sawijine karya sastra (Nurgiyantoro, 2013:369).

Metodhe panliten kanthi objek antologi geguritan *Lintang Ing Langit Wengi* iki nggunakake metode *deskriptif kualitatif*. Sumber dhata panliten yaiku geguritan filosofis kang cacahé ana 24 geguritan. Dhata kang utama yaiku arupa tembung lan frasa sajrone antologi geguritan *Lintang Ing Langit Wengi*. Dhata ing panliten iki diklumpukake kanthi teknik waca, cathet, lan kapustakan. Panliti nganalisis nggunakake metodhe *analisis deskriptif* kanthi pamarekan filosofis lan stilistik.

Isi sajrone antologi geguritan *Lintang Ing Langit Wengi* arupa kawicaksanaan Jawa kang asipat loro-loroning atunggil. Ngenani reriptane Pengeran ing ndonya kaya dene, mati lan urip, Gusti lan manungsa, bungah lan susah, biyen lan saiki. Panggunane basa ana rong perangan yaiku, kapisan pamilihing tembung kang ana sajrone panliten iki yaiku titi swara (purwakanthi guru swara lan purwakanthi guru lumaksita), titi tembung (tembung saroja), lan titi makna (dasanama). Kapindho, lelewane basa kang ana sajrone antologi geguritan *LILW* yaiku majas personifikasi lan pencitraan.

PURWAKA

Sastra Jawa tuwuh lan ngrembaka ing madyaning bebrayan Jawa. Sastra Jawa yaiku sastra kang nggambarake kahanan sosial lan budayane bebrayan Jawa. Sastra Jawa mujudake karya sastra kang ditulis kanthi nggunakake basa Jawa. Miturut Ras (1985:1) sastra Jawa kang tinulis sajrone bebrayan Jawa bisa diperang dadi loro, yaiku sastra tradhisi lan modern. Sastra tradhisi mujudake sastra kang kaiket dening paugeran-paugeran kang kudu diugemi, turun temurun saka generasi siji marang generasi liyane. Salah siji wujud karya sastra yaiku geguritan utawa puisi Jawa modern.

Geguritan mujudake salah sawijine pamedharing ekspresi jiwane pangripta. Ekspresi jiwane pangripta sajrone mangsuli samubarang kang ditindakake, diweruhi, kahanan sakiwa tengene, uneg-uneg, gegayuhan, wawasan, uga

sekabehane kahanan. Geguritan mujudake rasa pangrasa kang diwedharake pangripta lumantar rerakitane tembung ora kaiket paugeran. Geguritan yaiku karya seni kang nggunakake sarana basa. Geguritan mujudake sawijining sistem tandha (*semiotik*). Miturut Pradopo (2005:120) puisi Jawa moderen kang katelah geguritan, mujudake rerakite tembung kang nduweni makna. Geguritan bisa ngandhut samubarang kang asipat imajinatif. Geguritan medharake prakara kang dumadi ana sajrone panguripan lan bebrayan.

Ana satengahe kasusastran Jawa modern, tuwuh asiling kreasi arupa antologi geguritan utawa antologi geguritan. Geguritan-geguritan kang dikumpulake dadi siji awujud antologi geguritan. Salah sijine kumpulaning geguritan kang ana ing jagading kasusastran Jawa anyar iki yaiku anggitane Ardini.

Antologi geguritan anggitane Ardini Pangastuti yaiku "*Lintang Ing Langit Wengi*" (dicekakake dadi LILW). Antologi geguritan mau mujudake salah sijine asil reiptan sastra Jawa modern kang narik kawigaten. Geguritan-geguritan sajrone antologi LILW diripta kanthi nggunakake basa padinan kang ngemu surasa endah. Saliyane iku geguritan-geguritan sajrone antologi LILW nduweni isi kang bisa bisa narik kawigatene pamaos, awit saka isine kang maneka werna.

Geguritan sajrone antologi LILW iki akeh-akehe ngandhut aspek-aspek filosofis kang ora mesthi ana ing karyane pangripta liya. Akeh geguritan kang diripta pengarang liya nanging ora kabeh geguritane nuduhake minangka aspek filsafate pengarang. Saka pamacan sauntara aspek-aspek filosofis sajrone antologi iki dadi tema kang narik kawigaten. Geguritan sajrone antologi kasebut saliyané ngandhut tema filosofis ngenani kawicaksanaan Jawa uga ngandhut tema-tema liya. Kaya kang wis dingerteni tema mujudake struktur batin sajrone geguritan (Nurdiyantoro, 2007:77). Kanthi rasa pangrasa pamaos bisa ngrasakake lan ngira-ira makna sajrone geguritan.

Saliyane iku tema geguritan anggitane Ardini Pangastuti uga disengkuyung kanthi basa kang endah. Basa kang endah njalari narik kawigaten kanggo dijlentrehake kanthi analisis stilistika. Senajan tuwuh lan maujud ing jaman modern, akeh geguritan kang surasane padha karo reiptan jaman kawuri. Isi geguritan kasebut saperangan ana kang nggunakake tema kang padha, salah sijine antologi geguritan anggitane Ardini. Lakune jaman nduweni pangaribawa tumrap karya sastra ing jagading bebrayan.

Ardini Pangastuti mujudake sawijine pengarang sastra Jawa modern kang wis ngasilake puluhan karya sastra. Bisa diarani yen Ardini Pangastuti kalebu sawijine pengarang sastra Jawa kang produktif. Ardini Pangastuti uga kalebu pengarang kang wis suwe anggone ambur ing jagade sastra Jawa. Panjenengane lair ing Tulungagung 16 November 1960. Ardini Pangastuti tau ngemban majalah Jawa "Jawa Anyar" (1993-1995) lan ngesuhi majalah kabudayan Jawa "Jawa Nilakandi" minangka pemimpin redhaksi (2005-2007).

Karya-karyane sumebar ing majalah lan udyana basa Jawa, wiwit *Jaya Baya*, *Panyebar Semangat*, *Mekar Sari*, *Djaka Lodhang*, *Jawa Anyar*, *Pari Kesit*, *Djawa Nilakandhi* lan *Pagagan*. Reriptan LILW mujudake kumpulan geguritan kang kaping loro. Kumpulan geguritan kaping sijine yaiku *Kidung Jaman*. Saliyane iku isih ana sawetara geguritan kang mujudake karya

bebarengan karo penggurit-penggurit liyane. Ing antarane, *Cahyane Jagad* mujudake antologi kang diterbitake dening dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta taun 2014 lan *Sesotya Prabangkara ing Langit Ngayogya*, kang mujudake antologi geguritan 33 penggurit Ngayogya kang diterbitake dening Pesan Trend Budaya Ilmu Giri taun 2014.

Kejaba nulis geguritan Ardini uga kerep nulis novel, cerkak lan esai kang sumebar ing majalah *Jaya Baya*, *Panjabar Semangat*, lan *Djaka Lodang*. Novele sing kapisan yaiku *Bumerang*, disusul *Nalika Prau Gonjing*, *Lintang*, lan *Alun Samudra Rasa*. Novel liyane sing durung dibabar dadi buku isih lumayan akeh, ing antarane *Kejiret Jaring Sutra*, *Tangis Biru*, *Rembulan Wungu*, lan liya-liyane. Wektu iki Ardini Pangastuti Bn aktif ing Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) lan melu ngemban majalah Jawa "Pagagan" kang mujudake majalah komunitas. Panjenengane minangka salah sijine pangripta kang wis ngasilake reriptan arupa geguritan akeh banget.

Laras karo wewatakane puisi modern umume, geguritan reriptane Ardini Pangastuti sajrone LILW nduweni paugeran-paugeran tartamtu, kayata pada, gatra, swara, makna lan tembung-tembung kang ngemu surasa endah. Geguritane Ardini bisa dingerteni saka aspek-aspek liyane, bisa dingerteni saka unsur pamangune karya sastra mau. Kapustakan sastra umume nuduhake yen struktur sajrone geguritan diperang dadi loro, yaiku struktur lair lan struktur batin. Ardini kuwawa bisa nyajekake rong perangan struktur mau.

Kaya kang wis kawuningan, unsur-unsur pamangune geguritan kang asipat lair yaiku irama, pandhapuke tembung, lan lelewane basa. Unsur pamangune geguritan kang batin yaiku awujud *emosi*, *imajinasi*, lan rasa pangrasane pangripta. Adhedhasar katrangan kasebut bisa dijupuk dudutan yen geguritan mujudake ekspresi lan pamikiran kang bisa nuwuhake rasa pangrasa, lan ngrangsang imajinasi pancandriya sajrone pandhapuke tembung kang wirama (Pradopo, 2005:07).

Sesambungan karo andharan kasebut antologi geguritan LILW minangka antologi kang nduweni struktur fisik kang narik kawigaten. Kawawas isine antologi geguritan LILW ngandhut bab filsafate pangripta ngenani panguripan. Awit saka iku antologi geguritan LILW narik kawigaten. Ana kene, antologi geguritan LILW kang ngandhut tema filosofis bakal dionceki siji mbaka siji.

Antologi mau minangka tuladha saka perangan filosofise Ardini Pangastuti kaya ta ing geguritan kanthi irah-irahan *Ing Antarane Awan Lan Wengi*. Lumantar geguritan *Ing Antarane*

Awan Lan Wengi kasebut, pangripta medharake yen ta sejatine Pengeran ngripta rina lan wengi supaya manungsa nggayuh urip sampurna. Geguritan *Ing Antarane Awan Lan Wengi* medharake pamikire pangripta yen wayah rina lan wengi ing papan ngendi wae ora ngowahi kewajibane manungsa kanggo ibadah lan eling marang Pengeran. Rina lan wengi minangka perangan kang gegayutan, padha njangkepi siji lan liyane, ora bisa dipisahake. Saliyane iku uga ana *Ing Antarane Awan lan Wengi* kang medharake awan lan wengi minangka loro-loroning atunggil. Geguritan *Esuk Mili Gumrining* kang medharake antarane mati lan urip minangka loro-loroning atunggil, lan isih akeh geguritan-geguritan liyane. Saliyane iku geguritane Ardini uga ana kang ngrembug rina lan wengi.

Urip ing ndonya ana wektu loro cacahé, yaiku rina lan wengi. Manungsa mesthi nemoni wewadine jagad kang kudu dionceki supaya bisa nyumurupi hakikate urip. Lumantar wektu rina lan wengi manungsa diajab nglakoni tumindak becik kanthi eling marang Pengeran. Tembung rina lan wengi nuduhake anane bab loro-loroning atunggil sajrone geguritan. Lumantar geguritan LILW pangripta kepengin medharake yen ta Pengeran ngripta ana rina lan wengi, becik lan ala, waras lan lara. Ardini medharake salah sijine saka sakehing reriptane Pengeran kang awujud loro-loroning atunggil kasebut. Saliyane *Ing Antarane Awan Lan Wengi*, uga ana *Jantra, Laku*, lan geguritan liyane kang medharake aspek filsafate pangripta kang onjo lumantar tembung-tembung sajrone antologi geguritan LILW.

Kejaba ilmu filsafat mujudake sawijine pamarekan kanggo ngonceki samubarang saengga nemokake bebener. Laras karo panemune Endraswara (2012:2) filsafat iku ilmu ngenani tresna marang kawicaksanan. Filsafat digunakake kanggo medharake dhasare bebener, apa, sapa, kepriye, lan kanggo sapa samubarang ana. Bebener kang ditemokake bisa dadi pepelinge manungsa, apa kang sejatine digoleki utawa ditindakake. Bebener digoleki kanthi kawicaksanan Jawa jalaran kang dirembug yaiku bebrayan Jawa. Kawicaksanan digunakake kanggo nggoleki sejatine bebener. Manungsa kang nduweni sipat wicaksana utawa manungsa kang tresna kawicaksanan bakal bisa nemokake sejatine bebener. Bebener kang wis ditemokake bakal nggawe manungsa kasebut minangka manungsa kang utama tegese nggayuh kasampurnane urip. Panliten iki bakal ngonceki objek kanthi nggoleki sejatine bebener miturut pamawase pangripta kang ana ing geguritan-geguritan kang kapacak ing antologi kasebut.

Kasusatan ora bisa uwal saka basa. Basa minangka panyengkuyung sajrone ngrakit karya sastra. Basa kang digunakake sajrone karya sastra biyasane arupa basa kang khas. Basa mujudake sawijining medium utawa sarana kanggo mujudake sastra, lan ora ana sastra tanpa basa (Ratna, 2008:148). Pangripta ngripta karya sastra kanthi ngrakit tembung-tembung kang trep kanggo medharake ide-ide sajrone paugeran-paugeran tartamtu. Reroncening basa kang digunakake sajrone karya sastra ora mung dirasa endah, nanging uga nduweni paedah tumrap pamaca. Panggunane basa kudu trep karo samubarang prekara kang diandharake. Bab panggunane basa uga minangka perangan kang bakal dionceki saliyané aspek filosofik. Panggunane basa kang ana sajrone geguritan LILW yaiku pamilihing tembung lan lelewaning basa.

Panggunane basa sajrone antologi geguritan LILW minangka perangan kang bisa nuwuhake rasa endahing reriptan. Kaendahan kang didhapuk bisa arupa asiling pamilihe tembung lan lelewane basa kang bisa nyengkuyung aspek pituduh lan pitutur kang kinandhut sajrone geguritan. Aspek kasebut bisa ngandhut teges utawa makna kang wigati. Panggunane basa kasebut bisa ditindingi kanthi pamarekan stilistik. Sabanjure stilistika miturut Ratna (2013:3) stilistika bisa ditegesi ilmu basa. Stilistika ngrembug gaya basa sajrone karya sastra. Mligine panganggane lelewane basa sajrone karya sastra.

Panliten kanthi objek antologi geguritan kang wis dipilih kasebut bakal kalaksanan kanthi tintingan filosofis lan stilistik. Supaya bisa di ngerteni kapisan babagan filsafate pangripta anggone medharake geguritan ngenani kawicaksanan Jawa lan aspek-aspek filsafat, disengkuyung panggunane tembung sajrone geguritan. Panggunane basa kasebut bakal diwedhar kanthi prinsip-prinsip pamarekan stilistik ngenani pamilihing tembung lan lelewane basa sajrone antologi geguritan "*Lintang Ing Langit Wengi*". Panliten iki saka rong tintingan bakal nengenake perangan filsafate yaiku kawicaksanan Jawa kang arupa loro-loroning atunggil.

Loro-loroning atunggil mujudake kawicaksanan kang nyata ing bebrayan. Loro-loroning atunggil kang nyata dialami dening manungsa kang urip ing alam ndonya. Loro-loroning atunggil mujudake rong perangan kang sejatine siji utawa nyawiji. Bab iki akeh banget ditemokake sajrone antologi. Loro-loroning atunggil mujudake kahanane manungsa kang sejati. Kahanane manungsa kang sejatine tansah sesambungan lan

mbutuhake liyan. Manungsa minangka makhluk kang ora bisa urip dhewekan utawa *monodualis*.

Underan Panliten

- 1) Kepriye aspek filosofise geguritan awujud loro-loroning atunggil?
- 2) Kepriye panggunane basa kanggo medharake aspek filsafate panggurit?

Ancase Panliten

- 1) Njlentrehake aspek filosofise geguritan awujud loro-loroning atunggil.
- 2) Njlentrehake panggunane basa kanggo medharake aspek filsafate panggurit.

Paedahe Panliten

- 1) Tumrap Ilmu Filsafat lan Basa, kanggo ngrembakake panliten sastra ing babagan filsafat lan stilistika, yaiku arupa analisis sejatine bebener miturut pamawase pangripta kang ana sajrone karya sastra arupa geguritan, lan disengkuyung babagan pamilihe tembung lan lelewane basa.
- 2) Tumrap Panliti, nambahi kawruhe panliti babagan filsafat, pamilihe tembung lan lelewane basa kang ana sajrone antologi geguritan LILW.
- 3) Tumrap Pamaos, nambahi kawruh marang pamaos ngenani filsafat lan stilistika, mligine tintingan filsafat lan stilistika sajrone antologi geguritan LILW.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Geguritan Filosofis

Geguritan filosofis tegese geguritan kang ngandhut apek-aspek filsafat. Akeh panemu kang ngandharake jagade puisi, kalebu puisi Jawa arupa geguritan. Miturut Pradopo (2005:120), puisi moderen utawa geguritan mujudake rerakite tembung kang nduweni makna. Geguritan mujudake salah sawijine wujud ekspresi jiwane pangripta sajrone nanggepi samubarang kang dilakoni, di weruhi, kaanan sakiwa tengene, uneg-uneg, gegayuhan, wawasan, uga sekabehane kahanan. Geguritan minangka rasa kang diwedharake pangripta lumantar rerakitane tembung kang ora kaiket paugeran. geguritan minangka karya seni kang *bermedium* basa. Geguritan di pahami minangka sistem tandha (*semiotik*).

Miturut Tjahjono (2000:1) puisi utawa geguritan moderen minangka karya sastra kang mujudake sawijine jagat anyar kang lair lan batin. Pamawas kasebut nggambarake yen puisi moderen utawa geguritan mujudake salah sijine karya sastra minangka wadhah saka rasa pangrasane pangripta. Geguritan disebut mangun jagat anyar jalaran minangka sarana

kanggo nguntabake sekabehane rasa pangrasane pangripta.

Miturut Padmosoekotjo (1953:66) kawitane guritan iku kalebu golongan lelagon kang nganggo purwakanthi guru swara. Manut lakune jaman, tumeka titi wancine jaman kamardikan, geguritan kang asale saka tembung lingga “gurit” lan nduweni teges tulisan tatahan, gurit, lan tembang wis ora kaiket paugeran maneh. Geguritan ngalami owah-owahan yaiku ana ing teges lan wujud. Sabubare jaman kamardikan tetembungan geguritan kang ateges puisi bebas nggunakake basa lan puitika Jawa mutakhir.

Laras karo pamawas mau, Hutomo (1975:26) uga njlentrehake yen tetembungan geguritan sejatine minangka tetembungan sawijine puisi Jawa tradhisional. Manut lakune jaman tetembungan geguritan saiki wis dijupuk dening kasusastraan Jawa Moderen lan diwenahi teges kang anyar.

Miturut sawenehing kapustakan liyane, puisi mujudake salah sijine struktur kang disusun saka unsur pamangun. Unsur-unsur kasebut nduweni sipat kang trep, kang ora bisa dipisahake unsur liyane. Unsur-unsur pamangun kasebut yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik. Unsur intrinsik puisi diperang dadi loro yaiku satruktur batin lan struktur fisik.

Aspek filosofis mujudake samubarang kang gegayutan karo tresna marang kawicaksanan. Aspek filosofis nuduhake yen sawijining ngandhut aspek utawa sipat filsafat. Filsafat yaiku sawijining upaya utawa asil saka pawongan tartamtu anggane nggoleki hakikat sekabehe wujud kang asipat dhasar (Ciptoprawiro, 1986:11). Kanthi mangkono filsafat sajrone urip ditegesi kanggo pangejawanthah, manungsa lan tujuwan akire, gegayutan kang katon lan gaib, kang sawetara lan abadi, papan manungsa ana ing jagad uga ateges asiling urip. Ngonceki sejatine urip ana alam ndonya kanthi pamikiran kang paling mligi utawa dhasar. Pamawas iki disengkuyung dening pamawase Purwadi lan Dwiyanto (2009:2), Miturut Purwadi lan Dwiyanto (2009:2) berfilsafat yaiku mikir ngenani samubarang kanthi sistematis lan radikal. Perangan iki ditindakake kanthi ajeg (*continuu*). Miturut Endraswara (2012:2) filsafat yaiku ilmu ngenani tresna kawicaksanan lan bebener. Filsafat minangka ilmu kearifan kang ngrembug samubarang sajrone panguripan. Samubarang kang ana ing panguripane manungsa salah sijine yaiku sastra utawa tulisan kang dadi sarana piwulang kawicaksanan.

Laras miturut pamawase Bekker lan Zubair sajrone Wibawa (2013:4) panliten filsafat

kudune ngutamakake sesambungane manungsa urip, karo polah tingkah, agama, kabudayan, basa, struktur sosial, kabecikan lan dosa. Kasunyatan minangka sawijining ekspresi manungsa sajrone dhiri pribadi (basa, tari, *deklamasi*, kesopanan), utawa salah sijining produk (puisi, sistem ukum, karya seni, alat lan struktur sosial).

Adhedhasar katrangan ing ndhuwur bisa dingerteni yen geguritan filosofis yaiku karya sastra kang ngandhut ilmu utawa pamarekan kang ngandhut sejatine bebener awujud kawicaksanan. Geguritan filosofis bisa ditemokake sajrone antologi geguritan *LILW* anggitané Ardini. Geguritan-geguritan kasebut ngandhut aspek filosofis awujud kawicaksanan Jawa. Geguritan-geguritan mau ngrembug anane loro-loroning atunggil. Geguritan filosofis ditemokake cacahé 24 geguritan saka 69 geguritan.

Loro-loroning Atunggil

Loro-loroning atunggil mujudake rong unsur kang tansah gegayutan. Miturut Suseno (2003:82) sekabehane kapitayan *deskriptif* ngenani kasunyatan mujudake loro-loroning atunggil saka manungsa marang pengalaman penting kang dialami. Panemu kasebut bisa dingerteni yen loro-loroning atunggil mujudake pamawase manungsa Jawa. Laras karo panemune Notonegoro (1995:97) manungsa mujudake mahluk *monodualis*, yaiku tuwuh saka rong unsur nanging mujudake perangan nyawiji. Rong unsur kang tansah sesambungan mujudake kahanane manungsa kang sejati. Manungsa diripta dening Pengeran tansah sesambungan karo liyan. Miturut Suyahmo (2014:39) manungsa mujudake mahluk pribadi lan mahluk reriptan. Pengeran kang tansah sesambungan antarane manungsa lan Pengeran. Manungsa kang diripta dening Pengeran ora bisa misahake saka unsur kang sesambungan karo Pengeran. Miturut Gunawan (2004:2) loro-loroning atunggil tumrap manungsa tegese manungsa nduweni rong kalungguhan yaiku minangka mahluk pribadi lan mahluk bebrayan. Panemu iki uga laras karo panemune Putri (2012:6) manut kodrate manungsa, manungsa diripta kanthi loro-loroning atunggil, tegese saliyané mahluk pribadi uga minangka mahluk bebrayan. Pamawas kasebut bisa dingerteni yen sanyatane ing ndonya iki ana rong unsur kang tansah sesambungan dadi siji utawa sinebut loro-loroning atunggil.

Panemune para ahli filsuf bisa dijupuk dudutan yen loro-loroning atunggil yaiku rong unsur panguripane manungsa kang tansah

sesambungan lan gegandhengan. Bab iki kang ditemokake sajrone antologi geguritan *LILW* kang cacahé ana 24 geguritan. Kang kalebu loro-loroning atunggil sajrone panliten iki yaiku, rina lan wengi, mati lan urip, sugih lan mlarat, bungah lan susah, tangis lan guyu, Gusti lan manungsa, biyen lan saiki, ngelih lan wareg, aji lan remeh, padhang lan peteng, kiwa lan tengen, ngisor lan ndhuwur, rumpil lan kepenak, rukun lan congkrah, rendheng lan ketiga.

Panggunane Basa

Panggunane basa mujudake basa kang digunakake kanggo ngrakit reriptan mligine karya sastra mligine geguritan. Panggunane basa digunakake minangka sarana kanggo narik kawigatene pamaca. Miturut Rahardjono (2003:123) pangripta nggunakake basa kanthi teges pamilihing tembung, ngrakit sajrone ukara, baris lan pada kanthi tujuwan supaya bisa nguntabake pengalaman saakeh-akehe, sabening-beninge, lan sajero-jerone. Laras karo panemune Nurgiyantoro (2013:364), basa mujudake sarana kanggo medharakae sastra, ora mung sadherma basa, barisan tembung, nanging uga unsur kaluwihane mung bisa diuntabake lumantar basa. Panemu iki uga disengkuyung dening Teeuw (1988: 26) panggunane basa sajrone panliten nuduhake kaluwihan kang onjo. Pangripta uga biyasane nggunakae basa kang aneh utawa *istimewa* kanggo nuduhake kaluwihane. Panggunane basa dening pangripta nuduhake basa kang khas. Pangripta siji lan liyané nduweni titikan kang beda-beda. Panggunane basa tuwuh saka kapinterane pangripta anggone ngolah basa. Panggunane basa sajrone karya sastra bisa dititikikanti anane unsur cipta lan rasa.

Geguritan mujudake salah sijine karya sastra kang bisa ditindingi kanthi maneka cara. Panliten iki bakal nganalisis teks geguritan *LILW* kanthi njupuk aspek filosofis lan panggunane basa. Panliten iki bakal nganalisis geguritan sajrone antologi *LILW* kanthi analisis filsafat manut panemune Endraswara. Filsafat mujudake ilmu ngenani tresna kawicaksanan. Filsafat minangka ilmu kearifan kang nanggèpi samubarang kang ana ing panguripan (Endraswara, 2012:2). Miturut pamawase Endraswara ilmu filsafat nduweni telung aspek yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Katelu aspek kasebut bakal digunakake kanggo nganalisis antologi geguritan *LILW*.

Kanggo nyengkuyung, panliten iki bakal nggoleki prinsip-prinsip panggunane basa kanthi pamarkan stilistik. Teori kang digunakake yaiku teorine Nurgiyantoro, kang ngandharake ilmu kang nyinaoni lelewane basa sawijine karya

sastra (Nurdiyantoro, 2013:369). Aspek kang ana sajrone stilistika yaiku pamilihe tembung lan lelewane basa. Aspek loro kang nengenake aspek filsafat kasebut bakal digunakake kanggo nlinti antologi geguritan LILW kanthi nggunakake teori kang padha.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Isi antologi geguritan LILW iki akeh kang ngandhut tema kawicaksanan Jawa, mligine loro-loroning atunggil. Kawicaksanan kasebut dituduhake saka akehe geguritan kang medharake sawijine bebener. Bebener kasebut diuntabake pangripta supaya dingerteni dening pamaos. Manut ancas panliten iki yaiku nganalisis kawicaksanan uga aspek filosofise pangripta. Geguritan sajrone antologi iki uga ditulis kanthi panggunane basa kang endah.

Panggunane basa kang endah minangka cara kang digunakake pangripta kanggo narik kawigatene pamaos. Pangripta kepengin asil reriptane diweruhi lan dingerteni tegese. Panggunane basa kang endah sajrone antologi geguritan LILW iki bisa ditintangi kanthi pamarekan stilistik, saengga tintingan kang digunakake sajrone panliten iki ana loro.

Tintingan loro kang digunakake ing panliten iki yaiku tintingan filsafat kang ditengenake kanggo medharake kawicaksanan Jawa, lan stilistik kanggo medharake panganggane basa ing geguritan filosofis. Panliten iki bakal nganalisis perangane filsafat kang arupa kawicaksanan Jawa yaiku ngliputi ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Perangane panggunane basa yaiku prinsip-prinsip pamarekane kaya dene pamilihe tembung lan lelewane basa kang ana ing geguritan filosofis kasebut. Panliten filsafat lan panggunane basa iki kalebu jinise panliten kang nggunakake metodhe *kualitataif*.

Miturut Moleong (2006:4) panliten kang nggunakake metodhe *kualitataif* tegese panliten iku nggunakake prosedur tartamtu kanggo ngasilake dhata *deskriptif* sing wujud tembung-tembung sing ditulis utawa lisan saka manungsa. Panliten *kualitataif* iki metodhe sing digunakake yaiku *dheskriptif kualitataif*. Kanthi rancangan kasebut diajab bisa menehi titik terang lan ngonceki objek kanthi cetha ngenani aspek filsafat lan aspek stilistika sajrone antologi geguritan LILW. Metodhe iki disengkuyung kelawan teknik pamacan hermeneutik.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Panliten iki nggunakake antologi geguritan LILW anggitane Ardini Pangastuti Bn minangka objek panliten. Panliten kang ditindakake bakal nintangi aspek filosofis lan panggunane basa. Isi kang dimaksud ing kene arupa tema, yaiku ngrembug tema kawicaksanan Jawa kang kalebu filsafat Jawa. Tema kawicaksanan Jawa iki bakal ditintangi aspek ontologis, epistemologis, lan aksiologis. Wujud kang dimaksud yaiku panggunane basa ing geguritan kang ngemu aspek filosofis kasebut. panggunane basa kasebut bakal diwedhar kanthi aspek stilistik. Panliten iki bakal nggunakake rong tintingan kanggo nintangi dhata.

Dhata ing panliten iki ana loro, yaiku dhata primer lan dhata sekundher. Dhata primer yaiku dhata kang dijupuk langsung saka objek panliten. Dene dhata sekundher yaiku dhata kang dijupuk saka dhata kang wis dikumpulake lan diteliti wong liya kang gegayutan karo panliten kasebut. Dhata primer kang digunakake sajrone panliten iki yaiku awujud teks antologi geguritan LILW anggitane Ardini Pangastuti Bn saka Yogyakarta. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa ukara, frasa, lan tembung sajrone teks LILW kang medharake aspek filosofis lan stilistik yaiku kawicaksanan Jawa, ontologi, estimologi, aksiologi, pamilihe tembung, lan lelewane basa. Teks antologi LILW awujud geguritan kang cacahé ana 69.

Teknik Nglumpukake Dhata

Pangumpulan dhata yaiku proses ngumpulake dhata kang diperlokake kanggo menehi gambaran saka aspek-aspek kang bakal diteliti. Pangumpulan dhata ing panliten iki nggunakake teknik waca, cathet, lan kapustakan. Teknik waca yaiku maca geguritan-geguritan sajrone antologi geguritan LILW. Teknik waca iki nduweni ancas kanggo mangerteni isi sajrone geguritan-geguritan anggitane Ardini iki. Teknik iki bakal nuduhake isi kang dikandhut sajrone geguritan. Teknik iki bakal dibacutake karo teknik cathet.

Cathet mujudake tumindak nulis dhata kang ditemokake sajrone geguritan-geguritan. Teknik cathet digunakake kanggo nyathet sekabehane dhata manut sub bab kang bakal diandharake. Dhata bakal dianalisis kanthi teknik kapustakan.

Kapustakan yaiku tatacara kanggo ngonceki lan nintangi sawenehing buku minangka bahan pustaka kang digunakake

kanggo sumber tinulis. Miturut Sunarto (2001:28), sajroning panliten, studi pustaka kang dadi sumber dhata yaiku awujud dokumen, internet, buku-buku, majalah, lsp. Sumber dhata utama sajrone panliten iki yaiku geguritan filosofis sajrone antologi geguritan *LILW*. Urut-urutane ngumpulake dhata yaiku:

- (1) Teks antologi geguritan *LILW* diwaca banjur dipilih frasa, lan tembung kang kalebu ing analisis aspek filosofis lan stilistik. Tumindak iki kanggo mangerteni geguritan kang kalebu filosofis lan isi geguritan.
- (2) Klasifikasi dhata, yaiku milah-milah dhata kang trep karo underane panliten, yaiku ngenani ontologi, epistemologi, aksiologi, pamilihe tembung, lan lelewane basa. Klasifikasi dhata ditindakake kanthi nyathet dhata kang trep kasebut.
- (3) Kodifikasi dhata. Kodifikasi ditrapake marang dhata kang wis dipilih. kodifikasi yaiku ngode dhata kang dipilih kanthi nyebutake judhul, pada, lan gatra. Tumindak iki kanggo nggampangake anggane nintingi panliten.

Cara Pangolahing Dhata

Analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe deskriptif analisis. Miturut Ratna (2001:53) metode deskriptif analisis ditindakake kanthi menehi analisis. Bab kang ditemokake sajrone objek dijlentrehake kanthi lelandhesan pendhekatan filsafat lan stilistika. Urut-urutane nganalisis dhata yaiku:

- (1) Njlentrehake isi teks *LILW* kang ngemu aspek filsafat mligine loro-loroning atunggil kanthi telung cak-cakan. Telung cak-cakan kasebut digunakake kanggo medhar “apa” tegese geguritane Ardini kuwi awujud geguritan apa. Kapindho piye wujud lan gegambarane antologi geguritan *LILW* iki. Katelu kanggo apa antologi geguritan *LILW* kang ngandhut aspek filosofis.
- (2) Njlentrehake isi teks *LILW* kang ngemu prinsip-prinsip panggunane basa yaiku pamilihe tembung lan lelewane basa kang ana sajrone *LILW*.
- (3) Menehi dudutan minangka asil analisis. Dudutan isine makili sekabehane bab saka panliten lan jawaban saka sekabehane pitakonan kang ana ing panliten.

Cara Nulis Asile Panliten

Ngandharake asil analisis dhata minangka proses kang pungkasan. Panliten disuguhake kanthi wujud laporan ngenani apa wae kang diasilake saka panliten. Panliten iki nyuguhake

dhata asil analisis iki kanthi nggunakake analisis informal, amarga dhata kang diandharake nggunakake tembung-tembung kang wis lumrah digunakake. Analisis informal yaiku dhata kang disuguhake nggunakake tembung-tembung kang umum. Asiling panliten arupa laporan tinulis, dhata saka antologi geguritan *LILW* kang wis dianalisis banjur didhapuk awujud laporan utawa skripsi.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Aspek filosofis sajrone antologi geguritan iki yaiku arupa kawicaksanan Jawa. Geguritan-geguritane Ardini ditulis kanthi nyurasa filosofis banget. Antologi geguritan *LILW* iki yaiku ngandhut kawicaksanan Jawa kang dumunung aneng filsafat. Kawicaksanan Jawa kang dumunung ing geguritane Ardini yaiku loro-loroning atunggil. Kawicaksanan Jawa kasebut kabukti saka ditemokake 24 geguritan saka 69 geguritan ngandhut loro-loroning atunggil. Geguritan cacahé 24 kasebut mujudake kawicaksanan Jawa arupa loro-loroning atunggil. Geguritan 24 mau ngandharake rong peranan kang tansah sesambungan. Wujud loro-loroning atunggil sajrone antologi geguritan kasebut bakal kabuktekake kanthi analisis ing sub bab sabanjure.

Bisa dingerteni yen aspek filosofis sajrone antologi geguritan *LILW* iki arupa loro-loroning atunggil. Aspek filosofis krasa banget ing 24 geguritan kanthi irah-irahan *Ing Antarane Awan Lan Wengi, Donga, Esuk Mili Gumrining, Garet Abang Ing Langit Wetan, Ibu, Jantra, Laku, Merapi 1, Ngelih, Nonton Opera Van Java, Rangu, Rembulan Ing Ndhuwur Kuburan, Seba, Sepi 2, Sepi 4, Takdir, Udan Riris, Urip Kebak Crita, Apa Isih Perlu Ditangisi?, Apa Sing Kok Agul-Agulake?, Cakra Manggilingan, Daksebut Asma-Mu, Nglanggeran, Pasa, Paseduluran*. Geguritan filosofis kang cacahé 24 iki ngandhut teges sejatine manungsa urip ing ndonya iku asipat monodualis.

Manut pamawase para ahli, filsafat ditegesi minangka ilmu lan pamarekan kanggo nggoleki lan ngonceki sejatine bebene. Salah sijine kang bakal dianalisis yaiku ngenani kawicaksanan Jawa. Kawicaksanan Jawa kang bakal dirembug yaiku kawicaksanan Jawa arupa loro-loroning atunggil. Loro-loroning atunggil bakal dianalisis kanthi nggunakake cak-cakan telung aspek, yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Ontologi sesambungan karo pitakonan tumrap “apa”, apa antologi geguritane Ardini kang dadi obyek panliten. Pitakonan “apa” ing kene tegese geguritane Ardini kuwi awujud geguritan filosofis. Epistemologi sesambungan karo pitakonan tumrap “piye”, piye wujud lan

gegambarane antologi geguritan *LILW* iki. Pitakonan “piye” ing kene mujudake geguritane Ardini ditulis kanthi nggunakake tembung-tembung kang nengenake loro-loroning atunggil. Semono uga ontologi sesambungan karo pitakonan tumrap “kanggo apa”, kanggo apa antologi geguritan *LILW* kang ngandhut aspek filosofis iki. Pitakonan “kanggo apa” nuduhake yen geguritan kang ngandhut aspek filosofis iki migunani kanggo panggulawenthah.

Loro-loroning atunggil yaiku rong unsur panguripane manungsa kang tansah sesambungan lan gegandhengan. Bab iki kang ditemokake sajrone antologi geguritan *LILW* kang cacahé ana 24 geguritan. Loro-loroning atunggil kang ditemokake sajrone antologi geguritan *LILW* iki yaiku, awan lan wengi, mati lan urip, sugih lan mlarat, bungah lan susah, tangis lan guyu, Pengeran lan reriptanE, meneng lan kurda, luwe lan wareg, biyen lan saiki, aji lan remeh, padhang lan peteng, nganan lan ngiwa, pengeran lan manungsa, ndhuwur lan ngisor, rumpil lan kepenak, ruun lan congkrah, rendheng lan ketiga. Loro-loroning atunggil bakal dijlentrehake kanthi gamblang ing andharan sabanjure.

1) Awan Lan Wengi

Ing Antarane Awan lan Wengi

Ing antarane awan lan wengi
ginurit ukara endah
pakem-pakem langit kang
kawedhar
manjalma dadi wacana suci
tan kinucap nanging rinasa
jroning getering suksma

Ing antarane awan lan wengi
pralampita luhur jagading
manungsa
jroning anggayuh urip sampurna

Urip mono sawijine misteri
akeh wewadine jagad
dumunung aneng dhiri
perlu kaonceki
murih hakekate bisa kasumurupi

Ing antarane awan lan wengi
aku lumaku ing ndhuwure bumi
nglakoni garis takdirku
kanthi maneka warna pengalaman
sing calone dadi crita
critane manungsa
nalika mecaki urip
ing alam ndonya

Geguritan kanthi irah-irahan *Ing Antarane Awan lan Bengi* minangka salah siji geguritan anggitane Ardini kang ngandhut sawijine bebener. Geguritan iki nuwuhake pitakonan kang gedhe tumrap apa kang dikarepake dening pangripta. Apa kang sejatine bakal diwedharake dening pangripta saengga ngripta geguritan kanggo sarana medharake unek-uneke kasebut. Bebener kang ana sajrone geguritan iki yaiku awujud rina lan wengi. Bebener kang ana bisa dideleng kanthi njingglengi lan mangerteni isine geguritan.

Dideleng saka irah-irahane, yaiku *Ing Antarane Awan lan Bengi*, pangripta kepengin nuduhake sejatine apa kang ana sajrone awan lan bengi. Apa kang ditindakake manungsa ing ndonya nalika wayah awan lan bengi. Tembung awan lan bengi nuduhake sekabehane wektu kang ana ing ndonya, jalaran wektu ing ndonya yaiku awan lan bengi.

(1) *ginurit ukara endah* (IAALW.1.2)

pethikan mau nuduhake yen manungsa anggone nindakake urip tansah ora uwal saka tujuwan uripe. Nalika awan lan wengi manungsa kudu nindakake kuwajiban ing ndonya. Tembung ukara endah nuduhake tumindake manungsa nalika awan lan wengi nuwuhake kedadeyan-kedadeyan kang endah uga nyenengake. Tumindake manungsa nuwuhake crita-crita kang karakit saka pengalaman saben dina. Crita pengalaman uripe manungsa bakal dadi wacana suci. Crita pengalaman uripe manungsa senajan ora kocapake nanging bisa dirasakake.

(2) *tan kinucap nanging rinasa* (IAALW.1.4)

Panguripane manungsa ora bisa diucapake. Ten kinucap tegese ora ana kang ngerti bakal kepriye panguripan ing mangsa ngarep. Panguripane manungsa ora bisa dinyana. Panguripane manungsa ora kinucap nanging rinasa, tegese bakal dirasakake manungsa kasebut. Manungsa bakal ngrasakake apa kang dadi dalan uripe ing awan lan wengi.

(3) *pralampita luhur jagading manungsa* (IAALW.2.2)

Geguritan kasebut ngandharake sejatine manungsa urip ing ndonya kanthi pamawase bebrayan Jawa. Apa kang ndadekake manungsa kasebut urip lan apa kang dilakokake manungsa kang urip. Bab kasebut ditujokake marang manungsa Jawa lan kanthi pamawase bebrayan

Jawa, jalaran pangripta minangka manungsa lan bebrayan Jawa.

Pamawase bebrayan Jawa ngenani sejatine panguripan iku penting banget. Sejatine panguripan kasebut kang kaping pisan ngenani sangkan paraning dumadi lan ancasa manungsa diciptakake dening Gusti. Saka ngendi sangkane uripe manungsa lan aneng ngendi paranging panguripane manungsa ing ndonya iki. Pamawas kang kaping pindho ngenani spiritualisme kejawen kanggo landhesane pamawas liya. Manungsa ora bakal bisa nafsirake lan ngaweruhi sejatine dheweke diciptakake dening Gusti yen manungsa kasebut ora mangerteni tegese manungsa urip ing ndonya. Nilai spiritual kejawen iki uga kang dadi pandengane manungsa Jawa kepriye mapakake awak ing bebrayan. Kepriye carane urip ing jagad semesta, tanggung jawab lan ngimbangake urip ing alam semesta.

Bebrayan Jawa negesi sejatine urip ing ndonya iku kanthi tetimbangan yaiku ngenani sangkan paraning dumadi. Laras karo panemune Yuwono (2012:20) tegese urip iku ana telu yaiku urip iku tuwuh, urip iku nggayuh, lan urip iku urub. Urip iku tuwuh tegese nalika mapan urip ana ing ndonya yaiku wiwit lair nganti mati manungsa kuwi bakal tuwuh kanthi kualitas lan kuantitas. Kualitase yaiku manungsa bakal saya gedhe, saya pinter, saya wicaksana, lsp. Dene yen kuantitas yaiku manungsa bakal nduweni keturunan. Pengalamane urip bisa ndadekake kapribadene manungsa tansaya wicaksana lan sampurna kwalitas uripe yen manungsa kasebut gelem sinau saka pengalaman uripe.

(4) *jroning anggayuh urip sampurna* (IAALW.2.3)

Pamawas urip kang kapindho urip iku nggayuh, manungsa urip nduweni tujuan. Manungsa kang ora nduweni tujuan urip dianggep mati senajan urip. Tujuwane manungsa urip gumantung pangertene manungsa tumrap tegese urip ing ndonya. Sasuwene urip manungsa kudu mikirake apa kang bakal digayuh sajrone urip ing ndonya, ndonya utawa urip kang kekal. Tujuan uripe manungsa bakal nentokake kepriye dheweke urip ing ndonya. Manungsa kang mung nggolek kasenangan ndonya uripe bedakaro manungsa kang tujuwane nggolek kanggo urip kang sampurna.

(5) *akeh wewadine jagad* (IAALW.3.2)

Geguritan iki medharake yen manungsa urip ing ndonya iku kanthi tujuan supaya bisa nggayuh kasampurnan urip. Manungsa diajab

ngonceki apa sejatine urip ing ndonya. Manungsa uga diajab dadi wong kang suci supaya bisa medhar hakikate dheweke urip ing alam ndonya. Sucine jiwa bisa dadi darbeke manungsa yen gelem mbuwang wewadine jagad kang njalari dadi manungsa ala. Wicaksana anggoni nglakoni urip lan nata dhiri supaya bisa dadi manungsa kang utama.

Pungkasan yaiku urip iku urub, urub yaiku kobare geni utawa cahya. Urip kang manut kobare cahya ana telu yaiku nduweni semangat kanggo urip, urip dipimpin dening Gusti, lan urip kuwi menehi pepadhang marang liyan. Semangat kanggo urip yaiku manungsa kang nduweni krenteg lan niat kanggo nggayuh tujuan urip ing ndonya. Urip dipimpin dening Gusti, Gusti minangka pemimpin sekabehane rasa batin, saengga padhang jiwa rohanine. Menehi pepadhang marang liyan yaiku kanthi menehi motivasi utawa wejangan kang ndadekake manungsa liya tangi saka rasa sedhih, susah, lan lagi ana ing ngisor.

Bebrayan Jawa duweni panganggep yen ta urip ing ndonya iki ora selawase, mung sawetara. Tegese sawise urip ing ndonya iku ana tujuan urip selawase utawa kasampurnaning urip. Manungsa yen kepengin nggayuh kasampurnaning urip kudu tansah nglakoni kabecikan kanggo nyucekake jiwane. Urip mung mampir ngombe yaiku filsafat kang negesake sejatine urip. Urip mung mampir ngombe nuduhake yen sejatine wong urip ing ndonya iki mung sawetara. Nalika manungsa mati bakal tumuju ing dalan kasampurnan. Kasampurnane urip maneka warna, manut apa kang dilakoni manungsa kasebut ing alam ndonya. Filsafat kasebut uga nuduhake yen wektu kang diwenehake Gusti kuwi kanggo kabecikan lan tanggung jawab kang digunakake tumuju kasampurnan.

Kasampurnane urip bisa didarbeki yen manungsa kasebut bisa milih dalan urip kang trep manut Gusti. Ing ndonya manungsa diwenehi kabebasan kanggo milih urip manut Gusti utawa sawalike. Manungsa Jawa nglakoni urip kanggo sarana perjuangan nglawan samubarang kang ala ing pamikire manungsa. Perangan iki mnaungsa kudu pinter lan wicaksana anggone milih samubarang kang asipat ndonya nanging nggawa ing kasampurnan. Kanggo piwalese manungsa kudu tansah ngabdi, manembah, lan nglakoni sekabehane kekarepane Gusti. Nglakoni tumindak kanggo Gusti kudu diwujudake marang mahluk reriptane Gusti. Minangka wujud yen ta manungsa tresna marang Gusti kanthi jalaran tresna marang sekabehane reriptane Gusti.

Urip kang sampurna iku pilihan.
Manungsa endi wae bisa nggayuh kasampurnan
yèn gelem nglakoni kekarepane Gusti.
Ngabdekake dhiri marang Gusti kang nduweni
jagad saisi. Manungsa yèn kepengin nggayuh
kasampurnan ora bisa mung ngumbar
kasenangan sawetara. Awit kasenangan sawetara
ora ana kang bisa nggawa manungsa ing
kasampurnan. Sawalike manungsa endi wae uga
bisa milih kasenangan sawetara yèn ta ora
kepengin nggayuh swargane Gusti kang
disiyapake kanggo manungsa kang nggayuh
kasampurnan. Manungsa kang milih urip enak
sawetara mujudake yèn manungsa kasebut ora
nduweni iman kang kandel lan kuwat.
Manungsa kang cethek pamikirane, awit
dheweke ora gelem mangerteni sejatine urip ing
alam ndonya. Manungsa kang ora nduweni
tujuan urip uga minangka wong kang kesar,
ora bisa nggayuh kasampurnaning urip yèn
dheweke ora nggoleki lan sinau.

2) Mati Lan Urip

Donga

Isih gawang-gawang
nalika kita sowang
napaki galengan kebon kenthang
ing gigire gunung dhieng

Sawise natah kenangan ing candhi
Arjuna
sliramu banjur crita
ngenani endahe tlaga warna
sing emane kita ora bisa nyambangi
mrana
krana winatese wektu, ketambahan
salira sing
wis sayah
lungkrah!
sawise lumaku adoh sing nguras
tenaga
rasane selak kepengin turu,
nyelehake awak, ngleremake kalbu,
kandhamu nalika iku

Ora nyana saiki sliramu jebul bener-
bener turu
turu kanggo selawase
wis ora bakal keprungu maneh
guyumu sing khas
huahahaha...huahahaha...
los...
polos...
tanpa sanggan
tanpa polesan

Mung donga pamuji sing bisa
takaturake

marang gusti nalika kangen
ngrambah ati
muga tentrem turumu ing
palereman jati
muga gusti kang akarya jagad
paring papan
kang murwat
salaras karo darmamu
nalika isih kekiprah ing padhang
bumi.

Dideleng saka irah-irahane yaiku *Donga*,
pangripta kepengin nuduhake sejatine yèn
manungsa urip ing ndonya iki bakal nemoni pati.
Jalaran manungsa urip ing ndonya iki bakal
nemoni urip selawase. Urip selawase yaiku urip
kang dialami manungsa sawise nglakoni urip
sawetara ing alam ndonya. Urip selawase bakal
dilakoni manungsa ing alam akhirat.

(6) nalika kita *sowang* (D.1.2)

Geguritan iki nuduhake yèn manungsa
urip ing alam ndonya. Manungsa ing ndonya
tansah nindakake pakaryan. Sowang tegese
manungsa sejatine dhewekan. Manungsa
dilairake dhewekan mangka bakal bali kanthi
kahanan dhewekan. Dhewekan ngrasakake
kahanan uripe ing ndonya. Senajan manungsa
urip ing ndonya kanthi sesandhingan kelawan
liyan, nanging manungsa nduweni dalan urip
dhewe-dhewe. Panguripane manungsa iku kaya
dene tlaga warna.

(7) ngenani endahe *tlaga warna* (D.2.3)

Tlaga warna ing geguritan iki nduweni
teges panguripane manungsa ing alam ndonya.
Panguripane manungsa ing ndonya tansah
maneka warna. Manungsa kang urip ing ndonya
maneka warna. Ana kang apik uga kang ala.
Panguripane ora bisa dipastekake dening
manungsa. Manungsa bisa ngrencanakake bakal
kepriye panguripane, nanging kabeh mau
Pengeran kang mastekake. Panguripane
manungsa ing alam ndonya uga winates,
manungsa bakal ngalami urip kang sejati.
Manungsa bakal ngrasakake ayem nalika wis
ngalami urip sejati.

(8) *los...* *polos...* *tanpa sanggan* (D.3.5 nganti 7)

Geguritan mau ngandharake yèn ta
manungsa bisa ngrasa ayem tentrem nalika wis
nekani urip selawase. Samubarang kang asipat
ndonya bakal ditinggalake kabeh. Pamikiran

ngenani prekara ndonya ora ana guna. Manungsa ngrasakake tanpa beban lan sanggan nalika wis netepi pati. Manungsa bakal nglakoni urip selawase kanthi dhewe-dhewe. Manungsa liya ora bisa menehi tetulung marang wong kang wis mati.

(9) *Mung donga pamuji sing bisa dakaturake*
(D.4.1)

Nalika manungsa wis netepi pati, kang dibutuhake amung dedonga kang dikirim dening kulawarga kang isih urip. Tumindak becik lan ibadah kang bisa menehi pitulungan nalika manungsa kasebut ngalami susah ing akhirat. Samubarang kang asipat ndonya ora bakal digawa nalika manungsa kasebut netepi pati. Nalika manungsa mati kang dirasakake ing akhirat, bungah utawa susah gumantung tumindake ing alam ndonya. Manungsa yen tumindake ing ndonya ora manut kekarepane Gusti, ing akhirat bakal nandhang susah. Sawalike manungsa yen gelem manut kekarepane Gusti ing alam ndonya, ing akhirat bakal bagya mulya lan bisa netepi kasampurnaning urip. Anak, putu, sarta kulawarga mung bisa ngirimake donga kanggo manungsa kang wis mati. Sawalike manungsa kang wis mati ora bisa ndongakake manungsa kang isih urip ing ndonya. Ora bisa nglakokake pakaryan kaya ing ndonya.

Lumantar geguritan iki pangripta pengin medharake mati. Manungsa kang wis netepi pati bakal ninggalake prekara ndonya. Sekabehane prekara ndonya bakal ditinggalake. Panguripan ing alam akhirat yaiku ngenani sesambungan antarane manungsa karo Pangeran. Kepriye tumindake manungsa ing alam ndonya kanggo Pengeran, taat lan orane manungsa marang Pengeran ing alam ndonya bakal antuk piwales nalika ing alam akhirat.

Manungsa kang pengin nglakoni urip manut dalane Gusti kudu tansah cedhak, nduweni jiwa suci, tansah nduweni pikiran becik marang Gusti lan kabeh reriptane. Manungsa kudu bisa njaga lan ngempet hawa nafsune marang prekara ndonya. Hawa nafsu minangka pepenginan kang nggebu marang samubarang ing ndonya kang asipat sawetara. Manungsa kang ora bisa njaga lan ngempet hawa nafsune mesthi bakal nglakoni tumindak kang ora becik. Jalaran sekabehane prekara kang ora becik tuwuh saka hawa nafsune manungsa.

Ewadene manungsa kang gelem nglakoni urip ing dalane Gusti mesthi bisa njaga hawa nafsune. Ngempet pepenginan marang samubarang kang asipat sawetara. Manungsa biyasane ngegang hawa nafsu kanthi nglakoni

pasa, nglakoni kegiatan kang asipat rohani kaya dene pengajian, ngaji, lsp. Nyinauni bab agama kang luwih mligi lan khusus uga bisa ndadekake manungsa kasebut adoh saka sipat kang ora disenengi Gusti. Sekabehane tumindak becik ing alam ndonya nduweni tantangan dhewe, manungsa kang arep nglakoni tumindak becik mesthi bakal diganggu kelawan rasa kang ngalang-ngalangi manungsa kasebut. Laras karo panemune Yuwono (2012:27), sapa wong kang pengin slamet saka hawa nafsu kudu tansah cedhak marang Gusti. Manungsa kang imane kuwat bakal kalakon tumindak becik kanthi rampung lan eklas, sawalike manungsa kang ora kuwat imane bakal gagal nalika arep nglakoni tumindak becik.

Manungsa ana ing ndonya iki jalaran diripta dening Gusti. Gusti ngripta manungsa kanthi luwih sampurna tinimbang reriptan liyane. Gusti kepengin manungsa manembah marang Kang Ngripta. Gusti Allah uga ngripta pati supaya manungsa ngaweruhi yen ta urip ing alam ndonya iki mung sawetara. Sekabehane kang ana ing ndonya iki asipat sawetara. Amung Gusti kang nduweni sipat selawase utawa *baqo'*. Gusti ngripta pati supaya manungsa tansah eling yen sekabehane reriptane Gusti bakal bali ing ngarsane.

Gusti ngripta manungsa kanthi menehi umur. Umur minangka wektu kang diwenehake Gusti marang manungsa kanggo urip sawetara ing alam ndonya. Umur dipungkasi karo pati. Pati minangka wates kanggo manungsa urip ing ndonya iki. Umur kang diwenehake Gusti marang manungsa ora ana kang ngerti watese. Umur minangka rahasiane Gusti kang ora bisa diweruhi sapa wae. Umur diwiwiti nalika manungsa lair nganti tumekane mati. Mati minangka pungkasan umur kang diwenehake manungsa. Manungsa kang mati ateges umur kang diwenehake wis entek. Lumantar mati manungsa bisa ngaweruhi yen sejatine urip ing ndonya iki mung kanggo Gusti, lan bakal bali marang Gusti Kang Ngripta.

(10) *salaras karo darmamu nalika isih*
kekiprah ing padhang bumi. (D.4.6 lan 7)

Manungsa kang wis mati bakal ngalami panguripan kekal. Manungsa kang urip ing panguripan kekal bisa enak lan ora enak. Kahanan uripe manungsa ing panguripan kekal laras karo tumindake nalika urip ing ndonya. Manungsa kang tumindak becik bakal diganjar kanthi panguripan kang bungah ing akhirat. Sawalike manungsa kang tumindak ora becik ing alam ndonya bakal diganjar kanthi kahanan kang sengsara ing alam akhirat.

3) Sugih lan Mlarat, Mati lan Urip

Esuk Mili Gumrining

Esuk mili gumrining
Ironing eninge pikir
Ati sumeleh
Ora tolah-toleh
Madhep manteb ing panembah

Ing enepe jiwa
kawicaksananMu krasa
sugih mlarat tan beda
sebab kabeh amung sadherma
nglampahi kodrat kang kaweca

ing eninge rasa
keagunganMU ngegla
jagad ginelar-ginulung
urip mati-mati urip
siklus kang terus dumadi
lestari!

Manut saka irah-irahane yaiku *esuk mili gumrining*, pangripta kepengin ngandharake yen manungsa kudu tansah eling marang Kang Ngripta. Bab iki bisa dideleng ing pada 1 larik 3 nganti 5.

(11) *Ati sumeleh
Ora tolah-toleh
Madhep manteb ing panembah* (EMG.1.3-5)

Manungsa kang eling kudu tansah manembah marang Gusti. Manembah mujudake elinge manungsa marang dzat kang Maha Agung. Manembah saka tembung lingga sembah kang tegese epek-epek ditangkepake ing bathuk utawa dhadha minangka tandha kurmat lan bekt marang Kang Maha kuwasa. Manembah uga minangka kahanane manungsa masrahake sekabehane prekara marang Gusti, ninggalake prekara ndonya lan ngelingi prekara akhirat kanthi nyembah Gusti.

Manungsa minangka makhluk kang diripta dening Gusti. Gusti ngripta manungsa urip ing ndonya supaya tansah eling lan nyembah. Nglakoni sekabehane panguripan ing ndonya tanpa nglalekake Kang Ngripta. Manembah kanthi masrahake sekabehane prekara uripe manungsa marang pitulungane Gusti. Manungsa kudu tansah percaya marang kekuwatane Gusti, marang Agunging Gusti. Jalaran manungsa dipimpin dening Gusti, yen Gusti ora kersa manungsa ora bakal bisa apa-apa. Manungsa kang becik yaiku manungsa kang tansah eling marang Gustine. Gusti minangka kang nduweni jagad saisi.

Manungsa kang wis diwenehi umur kanggo urip ing ndonya kudu tansah bisa manfaatake kanthi becik. Saliyane nglakoni urip kanthi becik manungsa kudu tansah males budi marang Gusti kanthi tansah setya manembah ing sadawane wektu. Manungsa kudu tansah nyedhak marang Gusti. Manut adat ing Jawa, manungsa kudu tansah sembah Hyang, nyembah marang Gusti Pengeran.

Miturut Yuwono (2012:42), sembahyang utawa manembah ana patang piwulang yaiku sembah raga, cipta, jiwa, lan rasa. Geguritan iki uga ngandhut pira-pira sembah. Sembah raga yaiku manembah marang Gusti kanthi nyucekake badan nganggo banyu. Nyucekake badan nganggo banyu ora mung wudhu nalika arep sembahyang, nanging uga saben dina kudu tansah resesik badan kanthi adus banyu. Reresik badan diajab supaya kanthi kesehatan badan, otot, daging, kulit, sumsum, lan getih saengga ati tansah dadi ayem, tentrem, lan padhang ing sekabehane pamikiran.

(12) *Ing enepe jiwa* (EMG.2.1)

Sembah cipta yaiku nyembah pengeran kanthi nyuda hawa nepsu, tumindak apik, tliti, ati-ati, waspada, lan ora bosen anggone nyonto kang wis kasil. Sembah cipta mujudake nyegah dhiri kelawan telung sipat ala, yaiku dhendhem, srakah, lan ngrusak. Ing kene manungsa diajab nutup babagan hawa sanga supaya nepsu kang di nduweni ora nggawa marang laku kang ala. Nutup babagan hawa sanga supaya manungsa ora nduweni pikiran ala. Tujuwan nutup babagan hawa sanga yaiku supaya manungsa urip kanthi tenang (*eneng*), resik saka kasenangan pribadi (*ening*), lan eling marang Gusti (*eling*) anggo ngilangake rasa sedhih. Pangripta medharake yen manungsa mbutuhake eninge jiwa nalika nyembah Gusti.

Sembah jiwa yaiku nyembah Gusti kanthi nyancang lan nguwasani triloka. Triloka kasebut yaiku alam raga, alam cipta, lan alam jiwa. Triloka kang dirembug yaiku kanthi introspeksi dhiri, nyadhari lan nggetuni kaluputan kang wis dilakoni, lan ora bakal mbaleni kaluputan kang padha. Tujuwan saka nguwasani triloka yaiku supaya manungsa tansah pasrah sumarah marang Gusti minangka sumber panguripane manungsa.

(13) *Sebab kabeh manung sadherma* (EMG.2.4)

Pangripta medharake yen manungsa kudu sadhar urip ing ndonya mung sadherma. Manungsa kudu tansah nyadhari yen

kekuwatane manungsa amung winates. Awit sekabehane duweke Gusti, manungsa amung ngrasakake. Manungsa kudu tansah tumindak becik lan ngintropeksi dhiri awit sekabehane tumindake, supaya ora ngrusak reriptane Gusti.

(14) *Keagungan-Mu ngegla* (EMG.3.2)

Manungsa diajab tansah eling yen ta jagad iki wis diripta dening gusti kanggo manungsa. Samubarang kang endah ing ndonya mung bisa dirasakake manungsa. Manungsa ora bakal bisa ngripta kaya dene Gusti. Kanthi mangkono manungsa kudu ngagungake Gusti. Manungsa kudu bisa mawas dhiri, kaya ngapa tumindake marang Gusti. Apa kang wis ditindakake kanggo Gusti kang wis menehi jagad saisi.

Sembah rasa yaiku nyembah Gusti kanthi ngrasakake inti utawa hakikate panguripan kelawan iman. Manungsa kudu tansah nduweni tresna lan sih marang Gusti kanthi tulus lan eklas. Manungsa ora nduweni rasa was-was, kasusahan, sungkawa, kang ana mung tansah ngabdi marang sekabehane utusane Gusti. Manungsa kang wis nglakoni perangan iki mangka bisa nggayuh kasampurnaning urip. Manungsa bisa nyawiji kelawan Gusti. Dadi manungsa kang cedhak kelawan Gusti Pengeran.

**Panggunane Basa
Pamilihe Tembung
Titi Swara**

Kaendahanane puisi ora mung gumantung marang ide kang diandharake dening pangripta sajrone karya sastra, nanging yaiku awujud tembung lan ukara kang mbentuk gatra lan pada, nanging uga ana sesambungane karo bab swara. Titi swara ngrembug ngenani basa swara basa kang diasilake manungsa. Panliten bab titi swara iki ora bisa uwal saka ilmu fonologi.

Miturut Pradopo (2005:22) sajrone sastra puisi swara mujudake bab kang menehi nilai kaendahan. Swara uga nduweni tugas kang luwih wigati, yaiku kanggo negesake pocapan, nuwuhake rasa, lan nuwuhake gambaran pangangen-angen kanthi gamblang, nuwuhake surasa kang mligi, lsp. Swara sajrone karya sastra nduweni fungsi kanggo nuwuhake kang endah. Swara kang ana sajrone karya sastra bisa awujud purwakanthi.

Puwakanthi Guru Swara

Purwakanthi asale saka tembung *purwa* kang tegese 'wiwitan' lan *kanthi* tegese 'gandheng', 'nganggo', 'migunakake'. Purwakanthi tegese nggandheng (swara utawa sastra) kang wis disebut wiwit ngarep, yaiku kang disebut ing (pangarepe ukara) kang ngarep

utawa wiwitan (Padmosoekotjo, 1953:58). Purwakanthi kaperang dadi telu, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi guru lumaksita.

Purwakanthi guru swara tegese purwakanthi kang lelandhesan watoning swara (Padmosoekotjo, 1953:59). Purwakanthi guru swara minangka pangulangan swara vokal [a], [ɔ], [i], [u], [U], [e], [ə], [ɛ], lan [o]. Sajrone ukara antologi geguritan LILW pangulange swara kang ana yaiku [a], [ɔ] lan [i].

Purwakanthi Guru Swara [a]

Panganggone purwakanthi guru swara nambahi kaendahanane reriptan. Salah sijine purwakanthi kang ana sajrone antologi geguritan LILW iki yaiku purwakanthi guru swara [a] kaya ing ngisor iki:

114) *Pangan, sandhang, papan* (J.1.8)

115) *Semburan lahar sing mblabar saka anggamu* (M.2.7)

116) *Anoman sang putra dewa Maruta* (NOV.2.3)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake purwakanthi guru swara kang dumunung ing gatra. Pethikan (114) *Pangan, sandhang, papan* (J.1.8) tinemu tembung *pangan, sandhang, lan papan* kang nunggal swara [a]. Swara [a] kang abot kasil nguatake makna lan nggambarake kahanan kang tansah sesambungan. Anane swara kang selaras ing saben pungkasan wanda nuwuhake kaendahan kang ana sajrone ukara. *Pangan, sandhang, papan* sajrone geguritan J nuduhake yen manungsa urip nduweni kebutuhan. Manungsa mbutuhake telung perangan kasebut supaya bisa urip ing ndonya. Tembung mau nuduhake yen sajrone geguritan J ana bebener kang dikandhut. Bebener ngenani sejatine manungsa urip lan yen kepengin bisa urip kudu tansah njangkepi telung kebutuhan kasebut.

Pethikan (115) *Semburan lahar sing mblabar saka anggamu* (M.2.7). Tinemu tembung *semburan, lahar, mblabar, saka, anggamu* kang nunggal swara saben wandane. Panganggone swara [a] kang dumunung runtung-runtung sajrone ukara kasil nuwuhake kaendahan lan nguatake makna. Tembung kasebut yen ana kang diganti purwakanthine salah siji, bakal ngowahi endahne ukara. Tembung *semburan, lahar, mblabar, saka, anggamu* nuduhake yen ta samubarang kang anteng lan meneng jebul bisa nggenggirisi. Tembung mau nuduhake anane bebener sajrone geguritan M. Tembung mau nyengkuyung anane bebener kang diwedhar sajrone geguritan.

Pethikan (116) *Anoman sang putra dewa Maruta* (NOVJ.2.3). Tinemu tembung *Anoman, sang, Putra, dewa, Maruta* kang nunggal swara saben wandane. Panganggane swara [a] kang dumunung runtung-runtung sajrone ukara kasil nuwuhake kaendahan lan nguwatake makna sajrone ukara. Tembung-tembung mau dadi panyengkuyung anane bebener sajrone geguritan NOVJ. Bebener kasebut arupa paraga *Anoman* mujudake paraga kang nduweni peran kang gedhe sajrone crita. Bisa dingerteni yen tembung-tembung kasebut kanggo nguwatake makna kang nuduhake sapa sejatine paraga *Anoman*.

Dasanama

Dasanama dumadi saka rong tembung, yaiku *Dasa* tegese sepuluh lan *Nama* tegese jeneng utawa aran (Padmosoekotjo, 1953:56). Dasanama kang ana sajrone antologi geguritan LILW kang ngemu filsafat yaiku:

- 140) *Jagad* (IAALW.3.2)
- 141) *Bumi* (IAALW.4.2)
- 142) *Donya* (IAALW.4.8)
- 143) *Pertiwi* (M1.2.8)

Pethikan ing ndhuwur ditemokake tembung *jagad, ndonya, pertiwi* lan *bumi*, kang nuduhake anane dasanama sajrone antologi geguritan LILW. Tembung *jagad, bumi, pertiwi* lan *ndonya* nduweni teges kang padha, yaiku palemahan, papan panggonane manungsa nglakoni urip. Panganggane dasanama kasebut diajab menahi surasa endah marang karya sastra. Tembung-tembung sajrone geguritan nggunakake dasanama kanggo nyebut tembung kang wis digunakake sadurunge supaya pamaos ora bosen jalaran ana tembung kang dibolan-balen. Saliyane iku tembung-tembung kang ditulis kanthi beda kasebut uga ngandhut bebener. Tembung kang beda sengaja dipilih dening pangripta, diajab supaya awèh teges kang luwih manteb lan cetha. Tembung *bumi* sajrone ukara *aku lumaku ing ndhuwure bumi* (IAALW.4.2) teges filosofise yaiku papan panggonane manungsa urip sawetara. Banjur tembung *jagad* sajrone ukara *akeh wewadine jagad* (IAALW.3.2) teges filosofise yaiku alam semesta. Tembung *ndonya* sajrone ukara *ing alam ndonya* teges filosofise yaiku alam semesta kang asipat batin. Pungkasan yaiku tembung *pertiwi* sajrone ukara *sing tansah awèh kesuburan marang pertiwi* (M1.2.8) teges filosofise yaiku lemah papan uripe tetuwuhan lan mancike manungsa. patang tembung kasebut nduweni teges kang padha, nanging sejatine beda yen ta dijlentrehake teges bebenere.

Lelewane Basa Personifikasi

Personifikasi mujudake lelewane basa kang madhakake samubarang kang mati karo manungsa, yaiku samubarang kang mati kasebut bisa nglakoni pakaryan kaya dene manungsa kanthi ancas nuwuhake pangangen-angen marang pamaos. Personifikasi kang ana sajrone antologi geguritan LILW bisa dideleng ing ngisor iki:

- 191) *ora ana angin gedhe sing ngrabasa ing papan kene* (GAIW.1.7)
- 192) *jroning mecaki dina-dina kang dawa* (L.3.4)
- 193) *cahyamu endah nggodha ati* (LILW.1.2)
- 194) *Ngithik-ngithik kalbu* (LILW.1.3)
- 195) *Sajake jaman pancen wis mlayu adoh* (NOVJ.1.1)
- 196) *Mithes greget marang sampurnane ndonya* (S4.1.2)
- 197) *Sing abyor adus cahya* (S4.1.3)
- 198) *Uga ing kekepene rembulan lan kartika* (UKC.1.3)
- 199) *Lakon kawuri, sing ngremet ati* (AIPD.2.2)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake lelewane basa personifikasi. Pethikan (191), ing ndhuwur tinemu ukara *ora ana angin gedhe sing ngrabasa ing papan kene* kang nuduhake personifikasi. Tembung *ngrabasa* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Ukara kasebut kang nindakake pakaryan *ngrabasa* yaiku angin gedhe, kamangka angin ora bisa nindakake *ngrabasa* kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *angin gedhe* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggane personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos. Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan GAIW. Ukara kasebut nuduhake yen manungsa ora bakal ngrasakake susahe urip nalika gelem pasrah marang Gusti. Ora ana prekara gedhe nalika manungsa gelem sukur marang sekabehane kahanan kang diwenahi Pengeran.

Pethikan (192), ing ndhuwur tinemu ukara *jroning mecaki dina-dina kang dawa* kang nuduhake personifikasi. Tembung *mecaki* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Ukara kasebut kang nindakake pakaryan *mecaki* yaiku tresna, kamangka tresna ora bisa nindakake *mecaki* kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *tresna* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggane personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos. Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan L. Ukara kasebut

nuduhake yen manungsa tansah ngrasakake tresna nalika mecaki panguripan sabendina. Manungsa ora luput saka tresna marang sapadha. Manungsa bisa urip rukun kelawan liyan jalaran nduweni rasa tresna marang sapadha.

Pethikan (193), ing ndhuwur tinemu ukara *cahyamu endah nggodha ati* kang nuduhake personifikasi. Tembung *nggodha* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan nggodha yaiku cahya, kamangka cahya ora bisa nindakake nggodha kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *cahya* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos.

Pethikan (194) ing ndhuwur tinemu ukara *ngithik-ithik kalbu* kang nuduhake personifikasi. Tembung *ngithik-ithik* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Ukara kasebut kang nindakake pakaryan ngithik-ithik yaiku cahya, kamangka cahya ora bisa nindakake ngithik-ithik kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *cahya* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos. Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan *LILW*. Ukara kasebut nuduhake yen kahanan atine manungsa kang tansah digodha dening nepsu. Nepsune manungsa kang tansah nyurung supaya tumindak luwih. Nepsu kang nggodha bisa dideleng saka anane tembung *ngithik-ithik*. Atine manungsa mung bisa digodha kelawan nepsu kang ngambara. Manungsa kudu bisa ngekang lan ngatur nepsu. Manungsa bakal cilaka nalika ngumbara nepsu kang asipat seneng sawetara. Sawalike manungsa bakal dadi manungsa kang bungah lan utama nalika bisa ngekang lan ngatur nepsune.

Pethikan (195), ing ndhuwur tinemu ukara *sajake jaman pancen wis mlayu adoh* kang nuduhake personifikasi. Tembung *mlayu* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan mlayu yaiku jaman, kamangka jaman ora bisa nindakake mlayu kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *jaman* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos.

Pethikan (196), ing ndhuwur tinemu ukara *mithes greget marang sampurnane ndonya* kang nuduhake personifikasi. Tembung *mithes* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan mithes yaiku sepi, kamangka sepi ora bisa nindakake mithes kaya

dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *sepi* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos.

Pethikan (197), ing ndhuwur tinemu ukara *sing abyor adus cahya* kang nuduhake personifikasi. Tembung *adus* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan adus yaiku sepi, kamangka sepi ora bisa nindakake pakaryan adus kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *sepi* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos. Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan *S4*. Ukara kasebut nuduhake kahanane ndonya kang dipanggoni manungsa. Ndonga kang dipanggoni manungsa iki abyor banget. Akeh samubarang kang njalari seneng lan bungahe manungsa. Akeh banget samubarang kang asipat wah lan ndadekake sengseme manungsa. Kabeh mau ora uwal saka nepsu. Kanggone manungsa kang bisa mithes gregete marang abyore ndonya saisi bakal slamet. Sawalike tumrap manungsa kang lena, kesengsem lan ngumun marang gebyare ndonya bakal cilaka.

Pethikan (198), ing ndhuwur tinemu *uga ing kekepane rembulan lan kartika* kang nuduhake personifikasi. Tembung *kekepan* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan ngekep yaiku rembulan lan kartika, kamangka rembulan lan kartika ora bisa nindakake pakaryan ngekep kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *rembulan lan kartika* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos. Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan *UKC*. Ukara kasebut nuduhake crita panguripane manungsa sadawane wektu. Crita panguripane manungsa nalika ing ndonya. Ukara *kekepane rembulan lan kartika* nuduhake nalika wayah wengi, awit rembulan lan kartika mung ana nalika wayah wengi.

Pethikan (199), ing ndhuwur tinemu ukara *lakon kawuri sing ngremet ati* kang nuduhake personifikasi. Tembung *ngremet* mujudake pakaryan kang ditindakake dening manungsa. Sajrone ukara kasebut kang nindakake pakaryan ngremet yaiku lakon kawuri, kamangka lakon kawuri utawa sejarah ora bisa nindakake ngremet kaya dene manungsa. Mula sajrone ukara kasebut *lakon kawuri utawa sejarah* dipadhakake kaya dene manungsa. Panganggone personifikasi bisa nuwuhake pangangen-angen tumrap pamaos.

Ukara iki medharake sawijining bebener kang ana sajrone geguritan *AIPD*. Ukara kasebut nuduhake kahanane manungsa kang lagi ora kepenak. *Ngremet ati* tegese njalari lara atine manungsa. Larane ati manungsa kasebut jalaran lakon urip kang wis kliwat utawa lakon kawuri. Lakon urip kang susah, sedhih, lan kebak tangis njalari lara atine manungsa.

PANUTUP

Dudutan

Aantologi geguritan *Lintang Ing Langit Wengi* kang kacekak *LILW* mujudake sawijining karya sastra Jawa modern. Isi geguritan-geguritan sajrone antologi geguritan *LILW* medharake sejatine bebener utawa filsafat kang ana ing masyarakat. Bebener utawa filsafat ngenani panguripane manungsa ing ndonya sajrone geguritane Ardini yaiku bab kawicaksanan Jawa. Kawicaksanan Jawa kang diwedhar dening pangripta sajrone geguritan-geguritan iki ngangkat peranan loro-loroning atunggil (*monodualis komplementer*). Geguritan kang diripta dening Ardini akeh kang njlentrehake peranan rong prekara ing ndonya kang tansah gegayutan, sesambungan, njangkepi siji lan liyane. Isi geguritan kang rada beda karo padatan iki ndadekake kawigatene pamaos. Saliyane isi kang ngandhut filsafate panguripan, pangripta uga nggunakake basa kang endah anggone ngripta geguritan-geguritan iki.

Kaendahané reriptan bisa dideleng saka wujud basa kang dirakit kanthi manteb kaya kang dirembug ing pamilihing tembung lan lelewane basa. Pangripta nggunakake tembung-tembung kang endah lan mentes kanggo medhar pamawase. Pangripta ngasilake karya sastra kang nggawe narik kawigatene para pamaos. Kaendahané basa dipaes dening pangripta sajrone antologi geguritan *LILW* awujud pamilihing tembung lan lelewane basa. Pamilihing tembung kang ana sajrone panliten iki yaiku titi swara (purwakanthi guru swara lan purwakanthi guru lumaksita), titi tembung (tembung saroja), lan titi makna (dasanama). Lelewane basa kang ana sajrone antologi geguritan *LILW* yaiku majas personifikasi lan pencitraan.

Pamrayoga

Panliten iki ngrembug saperangan aspek filosofise geguritan kanthi nggunakake ontologi, epistemologi, lan aksiologi minangka telung cak-cakan kanggo nganalisis antologi geguritan *LILW*. Panliten iki uga disengkuyung kanthi ngrembug saperangan panggunane basa yaiku pamilihing tembung lan lelewane basa kang ana

sajrone antologi geguritan *LILW*. Panliten iki isih adoh saka kasampurnan. Aspek-aspek liyane kang gegayutan karo rong peranan mau isih durung kabedhah kanthi rowa. Mula saka iku, prelu anane panliten kang mirunggan babagan filsafat lan panggunane basa sajrone antologi geguritan *LILW* kanthi njlimet.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

Antunsohono, 1953. *Paramasastra Djawi*. Yogyakarta: Soejadi.

Ciptoprawiro, Abdullah. 1986. *Filsafat Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.

Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.

Djasudarma, Fatimah. 2012. *Semantik I*. Bandung: PT. Refika Aditama.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi.

Endraswara, Suwardi. 2012. *Filsafat Sastra Hakikat, Metodologi dan Teori*. Yogyakarta: Layar Kata.

Keraf, Gorys. 2005. *Diksi lan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Umum.

Mulder, Niels. 1984. *Kepribadian Jawa dan Pembangunan Lokal*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosada Karya.

Notonegoro. 1995. *Beberapa hal mengenai falsafah dan pancasila*. Jakarta: Pantjuran Tudjuh.

Nurdiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Pangastuti, Ardini. 2015. *Lintang Ing Langit Wengi*. Yogyakarta: Surya Samudra.

- Pradopo, Rachmad Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadhah Mada University Press.
- Purwadi & Djoko Dwiyanto. 2009. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Rahardjono, B.P.2003. *Teori Apresiasi Bentuk dan Struktur*. Flores: Nusa Indah
- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Stilistika, Kajian Puitika Bahasa, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Suseno, SJ & Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Suyahmo. 2014. *Filsafat Pancasila*. Yogyakarta: Magnum Pustaka Utama.
- Tanpoaran. 1988. *Sangkan Paraning Dumadi*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.
- Teeuw, A.1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya Girimurti Pasaka.
- Tjahjono, Tengsoe. 2000. *Membidik Bumi Puisi*. Surabaya: Sanggar Kalimas.
- Waluyo, Herman J. 2005. *Apresiasi Puisi*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Wibawa, Sutrisna. 2013. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: _____
- Yuwono, Prapto.2012. *Sang Pamomong: Menghidupkan Kembali Nilai-nilai Luhur Manusia Jawa*. Yogyakarta: Adiwacana.
- Wiwoho, B. 2012. *Tasawuf Jawa Memahami Suluk-Suluk Sunan Bonang*. <http://www.islamjawa.wordpress.com/2012/05/30/memahami-suluk-suluk-sunan-bonang/>
- Gunawan, Alin. 2014. "kodrat manusia sebagai mahluk". <http://googleweblight.com/2014/03/kodrat-manusia-sebagai-mahluk/>
- url+http://ikaput.blogspot.com/2012/6/makalah-pengantar-ilmu-pendidikan_06.html/

Referensi Internet

- Putri, ika. 2012. "Pengertian hakikat manusia".http://googleweblight.co/?lite_